



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO MEZI POU RANFÒSE PWOTEKSYON AK AKSÈ AK AVÒTMAN NAN KAD BIDJÈ POU ANE FISKAL 2024 LA**

*Adopte pwoteksyon pou done pèsonèl fanm k ap chèche swen avòtman*

*Ogmante to ranbousman Medicaid pou sèvis swen Sante repwodiktif yo*

*Gen ladann mezi ki egzije konpayi asirans prive yo kouvri avòtman atravè medikaman lè yo preskri li san etikèt pou avòtman*

***100.7 milyon dola nan nouvo finansman pou sipòte founisè avòtman yo ak swen sante repwodiksyon an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gwo aksyon nan kad Bidjè Ane Fiskal 2024 la pou pwoteje aksè ak avòtman epi solidifye estati New York kòm yon pò ki asire pou tout moun k ap chèche swen pou avòtman. Bidjè a ogmante pousantaj ranbousman Medicaid pou ranfòse aksè ak avòtman New York la, mete plis pwoteksyon done pou pasyan k ap chèche swen sante repwodiktif yo, mande konpayi asirans prive yo pou kouvri avòtman atravè medikaman lè yo preskri li san etikèt pou avòtman, epi bay 100.7 milyon dola nan nouvo finansman pou sipòte founisè avòtman yo ak swen sante repwodiktif yo.

"Pandan ekstremis anti-chwa yo ak jij yo kontinye rekile dwa avòtman atravè peyi a, n ap goumen isit la nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ ak finansman sa yo pral ranfòse aksè ak avòtman atravè eta a, pwoteje fanm k ap chèche swen sante repwodiktif yo epi elaji aksè ak medikaman pou avòtman. Anba siveyans mwen, mwen pral kontinye asire ke eta New York rete yonabri ki sekiritè pou moun ki bezwen swen pou avòtman."

Pou asire New York kontinye gen kèk nan pwoteksyon ki pi solid pou aksè ak avòtman ak prezève sèvis enpòtan sa yo, Bidjè Ane Fiskal 2024 la ogmante pousantaj ranbousman Medicaid yo pou founisè sante repwodiktif yo.

Pou pwoteje done pèsonèl yo, bidjè a adopte pwoteksyon ki ta anpeche konpayi ki gen biwo santral oswa ki enkòpore nan Eta New York pataje enfòmasyon ak fòs lòd ki andeyò eta a k ap mennen ankèt sou pwosedi avòtman ki legal nan Eta New York. Yo

anpeche Kòporasyon ak asosyasyon yo tou livre pa mwayen elektwonik nenpòt reklam dijital bay yon itilizatè atravè itilizasyon gewo-reperaj nan nenpòt etablisman swen sante.

Pou elaji aksè a avòtman atravè medikaman, Bidjè a gen ladan yon mezi ki egzije konpayi asirans prive yo kouvri metòd avòtman atravè medikaman yo rekonèt yo, kèlkeswa apwobasyon FDA ak lè yo preskri li san etikèt pou avòtman. Mezi yo asire tou ke pa gen okenn founisè ki peye pou plis pousantaj pwoteksyon pou neglijan medikal oswa pèdi pwoteksyon akòz preskripsyon medikaman san etikèt la oswa ke FDA pa apwouve.

Bidjè Ane Fiskal 2024 la gen ladan tou 100.7 milyon dola nan nouvo finansman pou founisè avòtman yo ak swen sante repwodiktif:

- 25 milyon dola nan sipò renouvlab pou plis Sèvis Aksè ak Sipò pou Avòtman (Support Abortion Access Services)
- 10 milyon dola nan Sibvansyon Sekirite pou Sant Sante Repwodiktif yo (yon fwa)
- 65.8 milyon dola nan ranbousman Medicaid adisyonèl (14.1 milyon dola pòsyon eta):
  - 14.9 milyon dola pou ogmante ranbousman avòtman chirijikal.
  - 35.2 milyon dola pou ogmante ranbousman planifikasyon famiyal.
  - 15.6 milyon dola pou Kontraseptif Famasyen yo Preskri.

Depi lè Tribinal Siprèm Etazini te pibliye desizyon *Dobbs* ane pase a, ki retire dwa repwodiktif plizyè milyon moun, Gouvènè Hochul te pran responsab pou asire aksè pou tout moun k ap chèche swen pou avòtman. Anplis kreyasyon yon fon 35 milyon dola ki pi enpòtan nan peyi a pou sipòte swen pou avòtman, Gouvènè Hochul te travay ak Lejislati a pou [adopte sis nouvo lwa nasyonal](#) pou pwoteje ak sipòte founisè ak pasyan yo.

Nan kòmansman semèn sa a, Gouvènè Hochul te siyen yo [pake lejislatif](#) pou elaji aksè ak kontrasepsyon omòn san preskripsyon epi asire ke chak etidyan CUNY ak SUNY gen aksè ak avòtman atravè medikaman nan kanpis la. Mwa pase, Gouvènè Hochul [te anonse](#) ke Eta a pral estoke medikaman pou avòtman ki se Misoprostol nan kad efò kontinyèl yo pou pwoteje aksè ak avòtman. Sou enstriksyon Gouvènè a, Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) te kòmanse achte Misoprostol pou yo kapab estoke 150,000 dòz, yon rezèv pou senkan, pou satisfè bezwen yo prevwa yo. Gouvènè Hochul te anonse tou ke si yo retire medikaman pou avòtman Mifepristone lan sou mache a, Eta a pral angaje jiska yon lòt 20 milyon dola bay founisè yo pou sipòte aksè ak lòt metòd swen.

###

